



Pou Piblikasyon Imedya: 28/06/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL KONSEYE NOUYÒKÈ YO PLISKE AVI SANTE SOU KALITE LÈ A ELAJI POU ENKLI TOUT ETA

Itilizasyon alèt telefòn selilè an ijans pou premye fwa pral avèti Nouyòkè yo lè endis aklite lè a depase limit 200 pou lè ki 'trè malsen'

Posibilite pou pik tanporè nan nivo endis sou kalite lè a atenn nivo 'trè malsen' oswa 'danjere' atravè Eta semèn sa a

Gen plizyè santèn milye mas nan modèl N95 ki disponib pou piblik la nan tout eta a

Lopital yo ta dwe rete sou alèt pou afliks vizit nan Depatman Ijans yo akòz pasyan ki gen pwoblèm respiratwa

Otorite Transpò atravè Eta a ap itilize sistèm adrès piblik yo, siy otobis yo, rezo sosyal yo, ak lòt siyal elektwonik pou bay kliyan enfòmasyon sou sekirite ki gen rapò ak kalite lè a dirèkteman

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a konsèy sante sou kalite lè a pou jodi a elaji pou l enkli tout eta a kòm lafimen ki soti nan dife sovaj Kanadyen ap kontinye lakòz Endis Kalite Lè a rive nan nivo ki pa bon pou sante. Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal (Departments of Environmental Conservation, DEC) ak Depatman Sante (Department of Health, DOH) Eta New York te mete ajou Konsvèy Sante sou Kalite Lè ki te pibliye jodi mèkredi 28 jen an, pou enkli tout Eta New York. Yo prevwa lè nan rejyon Lwès New York, New York Santral, ak rejyon Lès Lak Ontario yo ka "malsen" pou tout Nouyòkè yo. Previzyon pou rès eta a, enkli Vil New York ak Long Island, 'Malsen pou Gwoup Sansib yo.' Gouvènè a te anonse tou itilizasyon alèt telefòn selilè an ijans pou premye fwa, ki pral sèvi pou avèti Nouyòkè yo si endèks kalite lè a depase limit 200 pou lè ki 'Trè Malsen' epi si li kenbe pou plis pase inèdtan. Alèt yo pral transmèt atravè sistèm Avètisman San Fil, ki jere pa Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans (Division of Homeland Security and Emergency Services, DHSES) Eta a.

"Ak lafimen ki soti nan ensandi Kanadyen yo ankò ki afekte kalite lè a atravè eta nou an semèn sa a, n ap mande Nouyòkè yo pou yo rete vijilan", **Gouvènè Hochul te deklare.** "N ap aktive alèt telefòn selilè pou ijans pou asire Nouyòkè yo gen dènye enfòmasyon

yo epi n ap kontinye kowòdone ak konte lokal yo pou kontwole kondisyon yo epi distribye mask yo. Mwen ankouraje tout Nouyòkè yo pou yo rete enfòmè sou dènye mizajou yo epi pran prekosyon ki nesèsè yo pou pwoteje tèt nou ak moun ou renmen yo."

Aktyèlman yo pa prevwa gwo enpak lafimen tou pre sifas yo ap rive nan Lès New York, ki gen ladan Vil New York ak Long Island, jouk pita nan apremidi. Sepandan, kondisyon yo gen anpil chans deteryore byen vit yon fwa lafimen an deplase. Ajans Eta yo kontinye kontwole ak anpil atansyon kalite lè a nan tout eta a pandan ke yo prevwa lafimen yo pral deplase nan pati lès Eta New York jedi 29 jen. Pandan ke nivo Endis Kalite lè a prevwa varye ant 'Malsen pou Gwoup Sansib yo' rive 'Malsen' pou tout moun pandan tan sa a, DEC ak DOH pibliye Avi Sante sou Kalite Lè ak direktiv ki koresponn yo ki baze sou previzyon 24 èdtan yo, byenke valè inèdtan yo ka depase valè previzyon nan rejyon sa yo. Vizite dec.ny.gov pou [mizajou sou previzyon](#) ak enfòmasyon sou [nivo endis sou kalite lè](#).

Anba direksyon Gouvènè a, plizyè santèn milye mask nan modèl N95 ak bon kalite deja disponib pou Nouyòkè yo pou ede fè fas a enpak kalite lè yo. Nan Vil New York, Otorite Transpò Metwopoliten ak Otorite Pòtyè, ak Biwo Pak, Lwazi ak Prezèvasyon Istorik pral distribiye mask bay vwayajè yo nan gwo sant transpò piblik yo ak pak eta yo. Gen lòt mask y ap mete disponib nan konte yo ki andeyò Vil New York nan estòk Eta a ap jere yo pou distribiye bay piblik la.

Mask yo disponib nan kote sa yo:

- Grand Central Terminal
- Penn Station
- Fulton Center
- Jamaica Station
- Antre Prensipal nan Tèminal Otobis Otorite Pòtyè a, South Wing
- Atlantic Avenue, Brooklyn
- Grand Concourse, Bronx
- Pak Eta Shirley Chisholm
- Prezèv Pak Eta Clay Pit Ponds
- Pak Eta Riverbank Denny Farrell la
- Pak Eta Roberto Clemente

Otorite Transpò atravè Eta a ap itilize sistèm adrès piblik yo, siy otobis yo, rezo sosyal yo, ak lòt siyal elektwonik pou bay kliyan enfòmasyon sou sekirite ki gen rapò ak kalite lè a dirèkteman enkli:

- Otorite Transpò Metwopoliten
- NassauTRANSIT
- Westchester County Bee-Line

- Transpò Piblik nan Konte Broom (Broome County Transit)
- Otorite Transpò Distri Kapital la (Capital District Transportation Authority, CDTA)
- Otorite Transpò Rejyonal New York Santral
- Otorite Transpò Rejyonal Rochester Genesee
- Otorite Transpò nan Niagara Frontier

Komisè Depatman pou Prezèvasyon Anviwònman an, Basil Seggos, te deklare, "Meteyològ ekspè DEC yo mete ajou previzyon an pou jodi a pandan panach la ap pwogrese plis nan lès. N ap kontinye kenbe piblik la enfòm sou enpak siyifikatif lafimen toupre sifas yo prevwa nan tout eta a pandan kondisyon yo ap chanje."

Komisè pa Enterim Depatman Sante Eta a, Doktè James McDonald, te deklare, "Ak nivo polisyon lè ki wo yo prevwa kounye a atravè eta a, Depatman Sante Eta New York la rekòmande pou Nouyòkè yo rete okouran de kalite lè lokal yo epi pran prekosyon ki nesèsè yo, ki ka gen ladan limite aktivite entans deyò pou redwi risk pou yo sibi efè negatif sou sante yo. Moun ki espesyalman sansib fas ak efè nivo elve polyan yo, ki gen ladan moun ki trè jèn ak moun ki te gen pwoblèm respiratwa ki deja egziste tankou maladi kè oswa opresyon, ta dwe evite pase tan deyò, si sa posib, nan zòn kote AQI a plis pase 100. Ou ka siveye nivo yo nan zòn ou an avèk airnow.gov oswa aplikasyon meteyo sou telefòn ou an. Si ou dwe ale deyò nan zòn ki gen lè ki pa bon oswa ki pi mal, konsidere mete yon mask N95. Moun ki gen sentòm oswa ki gen sentòm ki vin pi grav ta dwe konsidere konsilte doktè pèsònèl yo".

DEC ak DOH soti Avi Sante sou Kalite Lè a lè yo prevwa ozòn oswa ti patikil (particulate matter, PM2.5) ta dwe depase yon Endis Kalite Lè (Air Quality Index, AQI) ki gen valè 100. Pou w enskri pou resevwa avi yo atravè imèl, klike [isit la](#).

Depatman Sante Eta New York ap konseye pran prekosyon jan sa nesèsè. Etap pou moun yo pran pou diminye risk yo, enkli:

- Lè AQI a pi wo pase 100 ('Malsen pou Gwoup Sansib yo'), Nouyòkè ki nan gwoup vilnerab yo ta dwe evite inisyativ deyò epi siveye sentòm yo lè yo ekspoze ak aktivite deyò yo. Moun ki vilnerab yo enkli moun ki gen maladi kadyovaskilè (egzanp, ensifizans kadyak konjestif, istwa atak kadyak anvan) oswa maladi nan poumon (egzanp, opresyon, maladi nan poumon obstriktif kwonik), osi byen ke timoun ki poko gen 18 ane, granmoun ki gen 65 ane ak plis ak fanm ansent.
- Lè AQI a pi wo pase 150 ('Malsen'), tout Nouyòkè yo ta dwe evite aktivite entans deyò yo, epi moun ki nan gwoup vilnerab yo ta dwe evite ekspoze a aktivite deyò yo, espesyalman fanm ansent yo ki ka pi fasil vin gen difikilte pou respire. Anplis de sa, gen kèk anplwaye ki vilnerab ki ta dwe travay anndan epi direktè kan yo ta dwe konnen previzyon lokal AQI yo a ak nivo alèt la epi swiv direktiv AQI a.
- Lè AQI a pi wo pase 200 ('Trè Malsen'), gwoup vilnerab yo ta dwe evite tout aktivite fizik deyò epi repwograme aktivite yo oswa fè yo anndan. Tout lòt moun yo dwe evite aktivite deyò ki long oswa entans.

- Lè AQI a pi wo pase 300 ('Danjere'), tout Nouyòkè yo ta dwe evite aktivite fizik deyò yo.
- Pou moun ki pase tan deyò, lè kalite lè a pa bon pou lasante, yo rekòmande mete yon mask ki byen adapte. Yon N95 oswa KN95 ap fonksyone pi byen.

Gen plis enfòmasyon sou previzyon Kalite Lè Eta New York la ki disponib isit la. Pou w verifye kalite lè aktyèl lokal ou a, ale sou www.airnow.gov.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418